

BEZWEN POU EKSPANSYON OST (TAN ANDEYÒ LEKÒL)

Me 2025

Malgre pwogram apre lekòl yo ofri avantaj enpòtan pou timoun ak fanmi yo, anpil moun fè fas ak baryè pou jwenn aksè, tankou pri ki wo, disponiblite limite, ak pwoblèm transpò. Pandemi COVID-19 la te vin agrave difikilte sa yo lè li te lakoz mank anplwaye ak rediksyon kapasite pwogram nan. Pandan demann lan te monte pandan retounen travay ak lekòl an pèsòn, anpil fanmi te rete san swen apre lekòl ki te nesesè.

Nan prentan 2023 a, City Council (Konsèy Minisipal) la te pibliye yon òdonans politik ki te bay Vil Cambridge enstriksyon pou chèche fason pou elaji kapasite pwogram apre lekòl yo pou asire yon plas “pou chak timoun nan Cambridge ki mande youn.” Vil Cambridge, an patenarya avèk Cambridge Public Schools, te komisyone etid sa a ki dirije pa Insight and Resonance Data Collective, ansanm ak Agenda for Children OST.

Rapò sa a prezante rezilta ak rekòmandasyon yon etid ke kominote a dirije-ki dire yon ane.

OST enpòtan anpil pou Aprantisaj Timoun ak Devlopman Jèn yo

Me 2025

Moun k ap pran swen timoun yo te ensiste sou enpòtans pwogram apre lekòl ak anpil avantaj li yo, sou aprantisaj elèv ak devlopman timoun. Anfèt, 51% nan moun k ap bay swen yo te di ke anrichisman akademik ak èd pou devwa te yon pi gwo priyorite lè y ap chwazi yon pwogram. Sitou pami moun k ap pran swen timoun ke Anglè pa lang prensipal yo, anpil te mete aksan sou kijan aktivite apre lekòl sipòte siksè akademik pitit yo atravè sipò nan devwa, akizisyon lang Anglè, ansanm ak yon pi bon koneksyon ak kamarad klas epi pwofesè yo. Moun k ap pran swen timoun ki soti nan fanmi ki gen ti revni te fè obsèvasyon menm jan an sou wòl aktivite apre lekòl nan kwasans akademik ak sosyal pitit yo. Plizyè moun k ap pran swen timoun te pataje tou ke pwogram aprè lekòl yo te kenbe timoun yo okipe epi te limite tan ki pa nesesè ak endezirab devan ekran lakay yo.

EKSTRÈ RAPÒ EKSPANSYON OST

REKÒMANDASYON ETID EKSPANSYON OST

Me 2025

Malgre finansman se yon eleman enpòtan pou elaji plas yo ak pou diminye diferans ki genyen ant plas yo, chanjman sistemik yo ap pran tan epi sa mande estrateji kowòdone. Kòm rezilta, moun ki konsène yo te devlope senk rekòmandasyon pou adrese koz fondamantal yo:

1. Patenarya Sistèm Konstriksyon
2. Ekite nan Enskripsyon
3. Pataje Espas
4. Sipòte Elèv ki gen Bezwen Espesyal yo
5. Fòs travay OST ki Solid

Rekòmandasyon sa yo ak estrateji ki asosye yo gen pou objektif pou konstwi sou sa k ap mache epi chanje sa ki pa mache pou asire yon ekspansyon ki reyisi ak dirab lè finansman an vin disponib. Rekòmandasyon sa yo pa klase nan òd enpòtans yo epi yo ta dwe travay sou yo an menm tan.

REKÒMANDASYON #1:

PATENARYA SISTÈM KONSTRIKSYON

Devlope objektif komen epi pi byen kowòdone ant Sistèm CPS ak OST yo pou santre sou byennèt timoun, jèn ak fanmi yo.

ESTRATEJI

- Devlope yon mantra oswa yon objektif pataje pou ini anplwaye lekòl yo ak anplwaye apre lekòl yo.
- Devlope objektif ak rezilta aprantisaj pataje pou devlopman jèn yo atravè lekòl ak apre lekòl pou ankouraje responsablite ak angajman pataje.
- Kreye sistèm, estrikti, ak espas ki pèmèt kowòdinasyon ant lekòl la ak aktivite apre lekòl yo.
- Idantifye kontribisyon ak wòl chak òganizasyon nan aplikasyon estrateji yo ak nan travay pou atenn objektif komen yo.

Me 2025

REKÒMANDASYON #2:

EKITE NAN ENSKRIPSYON

Konsepsyon estrateji ekspansyon atravè yon lantiy ekite pou asire gen plis plas disponib epi aksesib pou elèv ak fanmi k ap fè eksperyans majinalizasyon yo.

ESTRATEJI

- Adopte yon apwòch inivèsalis ki baze sou ekite, pou asire yon ekspansyon ekitab ak objektif pou sèvi tout timoun ak fanmi ki vle patisipe.
- Koresponn pwosesis pou anrejistremant, enskripsyon ak waiting pools atravè Pwogram OST yo.
- Kreye yon sèl sistèm enskripsyon ak waiting pools lè yo sèvi avèk yon "apwòch Common App" pou tout pwogram yo.
- Kreye yon sistèm sipò pou idantifye elèv ki bezwen plasman epi pou ede fanmi yo enskri, navige nan pwosesis la epi kowòdone èd finansye.
- Devlope yon metòd pou fasilite fidbak kontinyèl fanmi ak moun kap bay swen sou fason sistèm enskripsyon yo ap fonksyone pou kapab kontinye amelyore pwosesis ak sistèm yo pou pi byen sèvi yo.

REKÒMANDASYON #3:

PATAJE ESPAS

Amelyore pataj espas ant lekòl CPS yo ak pwogram OST yo pou kapab sèvi plis timoun atravè vil la.

ESTRATEJI

- Kreye atant, akò, pratik, estrikti ak ankourajman pou pataj espas yo; deziyen yon moun nan chak bilding pou kowòdone bezwen espas ak itilizasyon ant anplwaye lekòl la ak anplwaye apre lekòl yo ansanm ak lidèchip.
- Ankouraje aspè "kominotè" a espas la epi etabli tout espas lekòl la kòm yon espas pataje pou elèv yo.
- Ankouraje yon relasyon travay pozitif, kowòdone, ak pi entegre ant OST ak pwofesè lekòl yo.
- Idantifye plis espas pou pwogram OST ak ekspansyon.

REKÒMANDASYON #4:

SIPÒTE ELÈV KI GEN BEZWEN ESPESYAL YO

Asire elèv ki gen bezwen espesyal yo gen aksè ekitab ak eksperyans pozitif nan aktivite apre lekòl.

ESTRATEJI

- Sant jistis ak otonòmizasyon pou moun andikape. Itilize yon modèl ki santre sou timoun nan pou kowòdone CARE ak sipò nan lekòl la, apre lekòl, ak lakay.
- Konprann etandi "bezwen" ke elèv ki gen bezwen espesyal yo rankontre epi devlope pwogram/règleman/patenarya/sipò pou satisfè bezwen sa yo, tankou komunikasyon, pataj done, ak aksè a plan edikasyon endividyèl (IEP).
- Asire ke resous apwopriye ki disponib pou bay timoun ki gen bezwen espesyal ase sipò (egzanp, diminye rapò yo anpil; asire yon bon kantite anplwaye, jwenn espas ki apwopriye; elabore modèl bay anplwaye ki pi laj.)
- Kreye ankourajman, egzijans, ak opòtinite pou asire tout anplwaye yo resevwa fòmasyon pou sipòte timoun ki gen bezwen espesyal; CPS ak OST kowòdone pou ofri epi koresponn devlopman pwofesyonèl pou anplwaye yo nan toulede sistèm yo.

REKÒMANDASYON #5

MENDÈV TRAVAY OST KI SOLID

Bati yon mendèv travay pwofesyonèl ki estab pou jèn yo, ki travay sou premye liy pou bay sèvis kalite siperyè epi pou akomode demand adisyonèl pou pwogram apre lekòl yo.

ESTRATEJI

- Amelyore sistèm administratif yo, avantaj/salè, ak balanse kilti/lavi pwofesyonèl pou atire epi kenbe anplwaye yo.
- Bati chemen pwofesyonèl ak devlopman entegre pou anplwaye yo.
- Ankouraje yon patenarya solid ant lekòl la ak aktivite apre lekòl la.
- Itilize yon modèl anplwaye pataje pou elaji aksè a estati a plentan, avantaj, kote sa apwopriye

Join now

@agendacambridge

www.agendaforchildrenost.org

khari@agendaforchildrenost.org

susan@agendaforchildrenost.org

